



# UNITED PRODUCTION WORKERS UNION LOCAL 17-18

735 Wythe Avenue, Brooklyn, New York 11249  
Tel: (718) 875-2140 Fax (718) 875-2292 E-mail [info@Local1718.org](mailto:info@Local1718.org)

Jodi 6 mas 2020

## AVI SOU NOMINASYON AK ELEKSYON FONKSYONÈ LOCAL 17-18, UNITED PRODUCTION WORKERS UNION

Konfòmeman ak yon akò sou konfòmite volontè (Voluntary Compliance Agreement) ki te siyen le 2 mas 2020 (ki ranplase akò 16 septanm 2019 la) nouvo kandidati, yon nouvo elekson ak enstalasyon ajan nan seksyon United Production Workers Union Local 17-18 ap fèt anba sipèvizon sekretè travay la. Akò konfòmite volontè a di U.S. Department of Labor-Office of Labor Management Standard ki sipèvize elekson United Production Workers Union Local 17-18 e sa ap fèt dapre Tit IV nan LMRDA a, epi nan mezi li legal epi kapab reyalize, konfòmeman ak konstitisyon epi lwa United Production Workers Union Local 17-18 nan mwa avril 1981 an. Konsa, U.S. Department of Labor-Office of Labor Management Standards (OLMS) pral sipèvize elekson tout pozisyon biwo egzekitif Local 17-18 yo jan sa make annapre a.

This **Notice of Nomination and Election of Officers** is also available online in English, Spanish, Creole and Arabic on the United Production Workers Union Local 17-18 website at <http://Local1718.com>.

El Aviso de **Nominaciones y Elecciones de Oficiales** también está disponible en español en línea en la página de internet de la Local 17-18 de la United Production Workers Union en la siguiente dirección <http://Local1718.com>.

**Avi sou nominasyon ak elekson fonksyonè** sa a disponib tou anliy an kreyòl sou sit entènèt United Production Workers Union Local 17-18 la nan <http://Local1718.com>.

Nominasyon ak elekson an ap anba sipèvizon OLMS. Anketè responsab pou kontwòl la, Yvette Hoyt, ap sipèvize elekson an. Ou ka kominike avèk Madan Hoyt nan biwo OLMS New York District Office, 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811, (telefòn) 646-264-3190, (imel) [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov).

American Arbitration Association (AAA) angaje pou l jere sèten pwosedi pou elekson lane 2020 a, pa egzanp : distribisyon dekot bilten vòt yo, anba sipèvizon OLMS.

Kandidati yo se pou pwochen manda a, 14 me 2020 k ap fini 30 septanm 2021, pou biwo prezidan, vis-prezidan, sekretè-trezorye, sekretè pou anregistreman, ak twa manm konsèy egzekitif la.

<b>Nominasyon :</b>	DAT LA :	Lendi 6 avril 2020
	KI LÈ :	6:30 PM EST
	KI KOTE :	<b>River Terrace Hall 31 Division Avenue Brooklyn, New York 11249 (ou ka pran subway J &amp; M jouk nan Marcy Avenue pou w rive la)</b>

1. Tout manm ki ta swete prezante kandida, dwe rekonèt pa prezidan an nan reyinyon an e se pou l idantife avèk non l anvan li mete non manm la kòm kandida. Manm ki fè yon nominasyon gen pou l pare pou l idantife, avèk presizyon, kandida a, e se pou l bay bon ôtograf non l.
2. Tout manm ki anrèg gendwa plase pou nominasyon, pou tout pòs lib, yon manm ki kalifye epi ki anrèg tou, an kontan limenm to. Moun ki pran retrèt yo pa kapab fè nominasyn epi yo pa ka nome nonplis pou okenn fonksyon. Segonn yo pa nesesè. Dapre Atik VI, Seksyon 2 (a) nan konstitisyon ak lwa Local 17-18 la, pou ka kalifye nan nominasyon kandida yo, se pou yon manm anrèg nan moman reyinyon nominasyon an. Anrèg vle di se pou kotizasyon manm lan ajou (peye jouk nan 31 mas 2020) nan moman reyinyon nominasyon an le 6 avril 2020.

3. Infwa kandida yo deklare pou chak pòs, kandidati ap fèmen e pa gen okenn lòt kandidati k ap aksepte pou pòs sa a. Kandida gendwa aksepte nominasyon pou yon sèl biwo.
4. Pou kalifye kòm kandida nan eleksyon an, yon manm gen pou l respekte Konstitisyon ak lwa sendika pwodiksyon travayè lokal 17-18 (United Production Workers Union Local 17-18 Constitution and Bylaws) Atik VI, Seksyon 2C, epi se pou l manm anrèg Local 17-18 omwen yon lane depi anvan reyinyon nominasyon an (1<sup>e</sup> avril 2019 jouk 31 mas 2020).
5. Chak moun ki nonmen dwe pou l soumèt, nan reyinon nominasyon an, yon fòmilè li siyen ki di li aksepte nominasyon li an epi ki di kijan pou non l ekri sou bilten vòt la. Si yon kandida pa prezan, mam ki fè nominasyon an responsab pou l enfòme kandida a sou nominasyon an. Se pou fòmilè akseptasyon an siyen epi remèt, anvan 5:00 PM madi 7 avril 2020, bay komite elektoral la (remak : li posib pou depoze fòmilè avèk sekretè nan biwo Fraidy Weill. Fòmilè a disponib nan <http://Local1718.com>
6. Prezidan komite elektoral la ap avize chak kandida ki pa kalifye e y ap bay, alekri, rezon presi ki fè yo pa, e y ap fè sa opita jedi 9 avril 2020.
7. Ap gen eleksyon yon komite eleksyon nan reyinyon nominasyon an. Komite elektoral la pral fè eleksyon an anba sipèvizon OLMS.
8. Tout kandida ki kalifye kapab ale nan yon reyinyon pou kandida pou yo egzamine tout règ elektoral epi kanpay e sa ap fèt tousuit apre reyinyon nominasyon an.

Se responsabilite chak manm pou l verifye li anrèg. Estati yon manm kapab verifye nan komunikasyon avèk sekretè-trezorye seksyon Local 17-18 la nan biwo Local 17-18 la nan nimewo 718-875-2140. Tout kesyon ki konsène kalifikasyon nan pòs la dwe ale bay biwo sekretè-trezorye a tou. Tout lòt ankèt oubyen litij ki konsène kesyon anrèg sou sa ki konsène kandida nan eleksyon dwe ale bay sipèvizé eleksyon an, Yvette Hoyt.

Kandida a ta dwe pale avèk komite elektoral la epi avèk sipèvizé eleksyon an pou konfime sendika a resevwa fòmilè akseptasyon li an. Kandida ki pa retounen fòmilè akseptasyon an anvan **dat limit 7 avril 2020 an, p ap nan bilten vòt la.** Jan sa make anwo a, chak kandida gen pou l di kijan pou non l ekri nan bilten vòt a epi si l chwazi pou l nan yon lis konplè oubyen pasyèl kandida yo (pou ka nan bilten vòt anba non kandida a).

## **ELEKSYON**

BILTEN VÒT YO VOYE BAY MANM YO PA LAPÒS : Mercredi 22 avril 2020

DEPOZE BILTEN VÒT KI VOTE NAN BWAT POSTAL DEZIYEN AN : Madi 12 me 2020 a 5:00 p.m. EST

DAT KONTAJ LA : Mèkredi 13 me 2020 a 9:00 a.m.

LOKAL KONTAJ LA : American Arbitration Association  
120 Broadway, Concourse Level  
New York, NY 10271

- Kandida a gendwa obsèvè preparasyon an ak distribisyon bilten vòt yo. Kandida ak / oubyen obsèvatè yo fè pou yo bay AAA non pa yo a ak kowòdone pa yo a sou senk jou anvan dat kont la ap fèt.
- Si w pa resevwa bilten vòt ou a opita jedi 30 avril 2020 oubyen ou pèdi bilten vòt ou a oubyen gen lòt rezon ki fè ou bezwen yon lòt bilten vòt, se pou w kominike tanpri avèk AAA nan nimewo 1-800-529-5218 lendi pou vandredi ant 9:00 AM a 5:00 PM. Manm yo gendwa fè yon demann pa imel bay Sacha Ulerio at [ulerios@adr.org](mailto:ulerios@adr.org). Nou mande pou elektè yo rele anvan 30 avril 2020 pou gen ase tan pou fè livrezon tout anvlòp yo. Manm yo gendwa kominike tou avèk sipèviziè elekson OLMS lan, Yvette Hoyt, nan 646-264-3190 oubyen pa imel nan [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) si y ap fè demann pou ranplasman yon bilten vòt.
- Li entèdi pou vote pou kandida « alekri ». Si gen plis pase yon bilten vòt ki resevwa pou yon manm, sèl dènye bilten vòt ki resevwa a ap konte pou manm sa a.
- Pou kalifye pou w vote, se pou w yon elektè manm ki anrèg, peye kotizasyon li yo apati 31 mas 2020. Manm ki, opita 31 mas 2020, ranpli yon aplikasyon pou ka manm e ki enskri pou patwon an fè dediksyon otomatik kotizasyon se manm ki anrèg. Moun ki pran retrèt yo pa kapab vote.
- AAA ap ranmanse bilten vòt yo nan U.S. Post Office Church Street Station nan adrès 90 Church Street, New York, NY 10007 a 9:00 AM jou 13 me 2020. Apre lè rasanbleman ki site a, reprezantan AAA yo, avèk sipèviziòn reprezantan OLMS yo, ap fè transpò bilten vòt ki vote yo nan sousòl biwo AAA a pou fè verifikasyon kalifikasyon elektè yo. Kont lan ap kòmanse tousuit apre verifikasyon kalifikasyon elektè yo epi ap kontinye jiska tout bilten vòt yo konte pa elektè ki kalifye. Kandida yo gendwa vin obsèvè lè sa ap fèt.
- Kont lan ap fèt tousuit apre nan sousòl biwo AAA a ki nan adrès 120 Broadway nan Manhattan. Tout kandida ak reprezantan yo gendwa obsèvè kont bilten yo. Rezulta yo ap pibliye sou sit entènèt sendika a epi y ap afiche sou chantye travay yo.
- Moun ki eli yo ap enstale le 14 me 2020 a.
- Sizoka ta gen yon vòt egal, seksyon lokal 17-18 la ap gen yon elekson bilten vòt pa korespondans e se OLMS k ap sipèvize sa. Anvlòp bilten vòt yo ap voye pa lapòs opita 22 me 2020 e bilten vòt ki vote yo ap konte 11 jen 2020. Avi sou elekson an ki distribye nan anvlòp bilten vòt pa korespondans lan ap bay tout enfòmasyon ki nesesè.

REMAK : Se yon elekson vòt sekrè pa korespondans. Konsa, manm yo sipoze vote bilten vòt yo epi mete yo **lapòs** apre vòt la fèt. Bilten vòt yo p ap konte si se pa nan bwat postal la yo resevwa. Manm yo pa sipoze vini sou chantye a avèk bilten vòt li a pou fè livrezon alamen onon yo ni yo pa dwe pote bilten vòt la apye nan biwo lapòs la oubyen nan biwo AAA a. Si sa rive, vòt pa yo a p ap konte.

## **SE POU MANM YO BAY SENDIKA A TOUT NOUVOADRÈS YO POU ASIRE YO RESEVWA YON BILTEN VÒT**

Pwotestasyon elektoral yo dwe soumèt alekri bay Depatman travay peyi Etazini, OLMS, sipèviziè elekson an, Yvette Hoyt, opita a 5:00 PM EST le 22 me 2020 (22 jen 2020 pou dezyèm tou elekson yo) swa pa imel [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) oswa nan 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811. Gendwa gen règ oubyen klarifikasyon sou poltik siplèmantè ki fèt apre anons sa a pibliye, jan l nesesè.